Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 30 январь Рузман № 4 (7935) Газета бахьизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## ТIадкъаял тIураялъул суал гIенеккана



27 январалда райадминистрациялъул бетIерасул заместель Халилула МухIамадовас тIобитIана администрациялъул хIалтIухъабазул ва муниципалиял учреждениябазул нухмалъулезул данделъи.

Гъенир гIенеккана цебесеб анкъалъ тIобитIараб данделъиялда районалъул бетIер Шамил ГIумаровас кьурал тIадкъаял тIураялъул суал.

Данделъиялъул байбихьуда райадминистрациялъул ГО ва ЧСалъул специалист ТIагьир АхIмадовас бицана гIорхъолъа рорчIарал ишал ккедал гIадамазе хехаб кумек гьабизе ругъун гьариялъул цIалул программаялда рекъон гьабулеб хIалтIул.

Районалъул учреждениябазда ва организациябазда социалиял гьинал ва росабалъ федералияб адресалъулаб система хIалтIизабиялъул рахъалъ гьабулеб хIалтIи жеги щвалде щвараб гьечIилан бицана гьел суалалгун кIалъазе рахъарал Халид Халидовас ва Закарья ЖахIпаровас.

Жеги хIалтIи гIуцIичIеб 73 учреждение бугин абуна Халидовас «багIараб зонаялда». Гьеб рахъалъ хиси ккун гьечIо культураялъул ва школалда цебесеб лъайкьеялъул учреждениябазда.

27 январалде ругел баяназда рекъон, федералияб адресалъулаб системаялъул хIалтIи цохIо Гъоркьгъаквари росуль гурони лъикI гIуцIун гьечIин бицана Закарья ЖахIпаровас.

Гьеб хIалтIи бехьерхъиялъ хвал-квал ккезе бегьула халкъалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе ва гьезие пачалихъиял хъулухъал щвезе.

## РакIалъул берцинлъи ккола ракIалъухъ ракI-ракIалъ гIенекки

РакIалъул берцинлъи ккола ракI-ракIалъ ракIалъухъ гIенекки. Гьеб ккола кардиологасул рекIел ахIи. Гьединалъун рукIана ва гьанжеги руго жакъасел студентаз жидедаса мисал босулел кардиологал.



Гьединазул цояй ккола жакъа диргун гара-чIвари гьабулей жиндир гIумрудулги хIалтIулги хIалбихьи дагьаб бугониги, унтаразул ва цадахъ хIалтIулезул жиндехун кIудияб божилъи бугей нилъер ракьцояй, республикаялъул кардиодиспансералъул отделениялъул нухмалъулей, врач-кардиолог Аминат Багьавдинова.

**-Аминат, дирго ва районцоязул рахъалъан баркула дуда хъулухъ-кардиодиспансералъул отделениялъул заведующаялъун тIами. Гьеб буго мун гIадинай сон-церекъад университетгун ординатура лъугIун ячIарай гIолохъанай специалисталъе кIудияб жавабчилъи бугеб хъулухъ. Баркала буго дуе районцоязул рахъалъан, духъе ккараб мехалъ дуца гьабулеб бербалагьиялъухъ.**

**Бокьилаан тохтурлъун яхъине кида ракIалде ккараб ва кардиологиялде кин ккарай бицани.**

-Баркала. Дуца ва районцояз дун нечезаюна. Дир хIалтIи абизе бегьула жеги байбихьудаго бугин, къимат кьезеги жеги цудунго батилин.

ГьитIинго йикIун дир рекIелъ хасаб бакI кколаан дица тIаса бищизесеб махщалил суалалъ. Цо-цо гIиллабазда бан, тохтурлъун яхъине букIараб дир эбелалъул анищ тIубачIого хутIана. Тохтурлъиялде гьелъул букIараб гьира-шавкъ гьелъухъан диеги щвана, ва эбелалъ квербакъана дие гIелмулъялде рокьи бижизабизеги, куцана гIадатияй медиклъун гурей, мустахIикъай, дирго иш щвалде щун лъалей специалистлъун яхъинеги.

Кидаго бокьулаан ккараб кумек гIадамазе гьабизе. Тохтурасул хIалтIиги ккола бищун инсанасе хIажатаб пишалъун. Лъимерлъудасанго ракIалъ тIаса бищараб махщалие -ракIал сах гьарулей тохтур-кардиологиялъе ритIухъай специалист йикIинин бугоха дирги нигат, Аллагьас хьван батани.

ЦIализе лъугьана Волгоградалъул медицинаялъулаб университеталде. Школалда цIализе квешай йикIинчIониги, гIурус ракьалда тIоцебесеб цIалул сон дагьаб захIматго ана, амма хадубккун бигьалъана. Дунго ецци гуро, амма абила: киданиги кIоченаро дарсида дир жавабалъухъги гIенеккун, кисан дун кколейилан профессоралъ гьикъи, ва Дагъистаналъул рикIкIадаб Цумада районалдаса йигин абидал, гьей тамашаго дихь ялагьун хутIараб куц. Щвалде щун лъалеб гIурус мацIги, щибаб дарсиде ункъилал-щуйилазда жаваб кьоледухъ хIадурлъиги, батIияб къагIида доба данде кколароан-киналъго асар гьаюна гьей, дагъистаниязул хIакъалъулъ бугеб пикруги хисанин ккола гьелъул.

Ординатураялда цIализеги рес щвана дирго цIалулъ лъикIал хIасилал рукIиналъ. ГIемер гIахьаллъулаан олимпиадабазда, махщалилал конкурсазда дун, щолаан призалъулал бакIалги, гьелъги рес кьуна Москваялда цIализе ине.

## Ленинградалъул блокада бахъаралдаса 82 сон



82 соналъ цебе, 1941 соналъул 27 январалда советиял аскараз фашистазул блокадаялдаса тIубанго эркен гьабуна Северияб тахшагьар-Ленинград. Ракъуца, цIороялъ, къойил ралел гIарадабаздаса ва бомбаздаса хвана вахIщияб 872 къоялъ сверун ккун букIараб шагьаралъул гIадамал.

КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьаралдаса 79-леб къоялде, 1941 соналъул 8 сентябралда фашистазул яргъилал къуватаз сверун ккуна Ленинград шагьар. Немцазул нухмалъиялъул ва живго диктатор Адольф Гитлерил пикру букIана шагьар ракьгун жубазабизе. Гьединабго мурад букIана блокада гIуцIиялъул рахъалъ Германиялъул союзникльун букIараб Финляндиялъулги.

Блокадаялъул хIасилалда Ленинградалда гьоркьлъалие ккана 2,5 млн. чи, гьезда гьоркьоса 400 азарго лъимер.



Гьебщинаб халкъалъ 900 къоялде гIагарун къоялъ ракьиги къечи хIехьон, къаси-къад кьижичIого хIалтIун, кумек гьабулеб букIана цогидал фронтазда унел рагъулал операциябазе. 1944 соналъул 14 январалда байбихьана блокада бахизе ва 27 январалда нилъер яргъилал къуватаз гьеб тIубанго бахъана.

Гьеб къо кIодо гьабун, районалда рагъул гIахьалчагIи ракIалде щвеялъе рарал обелискада ва памятникада цере лъуна тIугьдузул горал ва квацIаби.

Агъвали тIобитIараб тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер Шамил ГIумаров. Гьес къокъго бицана блокадаялъул тарихалъул, жакъа Украиналда унеб хасаб рагъулаб операциялъул, ва жакъасеб гIел ахIана умумузул бахIарчиял ишаздаса мисал босизе.

## РакIалъул берцинлъи ккола ракIалъухъ ракI-ракIалъ гIенекки

1



Ункъабилеб курсалда цIалулаго медсестралъун хIалтIизе рес щвеялъги квербакъана хIалтIул хIалбихьиги щвезе ва ординатураялде лъугьунаго баллалги цIикIкIине. Н.И.Пироговасул цIаралда бугеб Россиялъул миллияб медуниверситеталда цIализе лъугьиндал дидаса талихI бугей ясго ятиларин ккилаан дида. Гьеб ккола дудаго тIадчIун хIалтIиги, тIаса бищараб махщалие ритIухълъиги, церечIарал масъалаби къинаризе бахъулеб хIаракатги, цIалуде кьолеб кIвар цIикIкIинги, дудаго лъураб божилъи ритIухъ гьабиги цадахъ рекъеялъул хIасил.

**-Щибав чиясул вукIуна цIалулъгун хIалтIулъ насихIатчи. Щал дуца рикIкIунел дурго махщалилъ насихIатчагIилъун?**

-ЦIалул тIоцебесеб къоялдаса бахъараб жакъа къоялде щвезегIан дида аскIор рукIаралщинал мугIалимзаби рикIкIуна дица насихIатчагIилъун, щайгурелъул гьезул диралдаса цIикIкIун лъайги, махщелги, хIалбихьиги бугелъул сундулъго.

О.М.Филатовасул цIаралда бугеб Москва шагьаралъул 15-леб больницаялда бугеб нижер цIалул базаялде рачIараб мехалъ, нижеда абуна ординатураги лъугIун къватIире арал ниж хIинкъизе гьечIин кинавгIаги захIматго унтарав пациент къабул гьавизеян. Ниж гьенире жанире лъугьанин студенталлъун, къватIире ине ругин щибав унтарасул жаваб кьолел тохтурзабилъун абун.

ЛъикIаб хIалбихьи щвана дие ординатураялда цIалулеб соналъ ковидалъ унтаразул хъулухъ гьабизе ккеялъги. Дун тIоцебесеб курсалъул ординатор тIадайлъун ккана щибав унтарасул гIумруялъе гIоло къеркьезеги, жавабчилъи тIаде босизеги. ЗахIмат букIана доб соналъ. Амма хвалил квачIикьан хвасар гьабураб щибаб гIумруялъги, гIадатго «баркала, тохтур» абун магIид рецIцIарал беразулъан кунчIи свараб гьимигун унтараз абураб калимаялъги кинабго свакги, хIинкъиги, хIалценги кIиабилеб бакIалде, рагIдукье рехулеб букIана рохалил асаралъ.

Инсан сах гьави ккола бищун захIматаб ва жавабчилъи кIудияб махщел.

**-ГIумрудулъ ва махщалилъ лъидаса мисал босизе бокьилеб дуе?**

-ГIагараб Дагъистаналде тIаде юссиндал, дун хIалтIизе лъугьана хехаб медицинаялъулаб кумекалъул республикаялъул клиникияб больницаялъул инфаркталъул унтабазул отделениялде. Гьеб буго унтарасда тIадеги къулун, гьесул гIумру тIадбуссинабизе щибав тохтургун медсестра, хIатта, санитаркагицин къеркьолеб отделение, хIажатабщинаб оборудованиегун даруги, унтарасдехун ракIунтараб бербалагьиги бугеб.

Гьеб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад ИмангIалиев, гьенивго кафедраялъул заведующийлъун вугев кардиологиялъул «цIва» ГIалихIажи ГIабдулаев, Рашид Аскерхановасул цIаралда бугеб больницаялъул тохтур Асланбег Дубаев-лъабавго нилъер ракьцоял, жакъа дун хIалтIулей республикаялъул кардиодиспансералъул бетIерав тохтур МухIамад Тотушев руго дица кутакалда адаб-хIурмат гьабулел, жидеда релълъинеги, кигIанго абизе нечаниги, махщалил рахъалъ жидедасанги цеехун инеги дие бокьарал тохтурзаби. РакIбацIцIадал, махщел камилал тохтурзаби нилъер гIемер руго, дидаго лъалел гьел рукIиналъ рехсана гьезул цIарал.

ГIумрудул рахъалъ мисал босизе дие мустахIикъай гIаданлъун йиго дир эбел, кинабгоги жибго тун, ниж кIиго лъимералъе тарбиягун лъайги кьурай, гIолохъанаб мехалдасанго цохIо хутIаниги, захIмалъабиги къинарун, лъилго кумек гьечIого, лъидаго мугъ чIвачIого, цохIо Аллагьасде божигун нижее сундулъго квербакъарай.

-Масъала цебе лъун хадуб, бажарунгутIи сундулъго гьечIо, бегьулареб щибго гьечIо,-ян абулаан гьелъ нижеда нижерго пагьму-гьунаралде, бажариялде божизе ниж ругьун гьарулаго. Гьей йиго дие къад бакъги, къаси моцIги…

**-Бугищ дур пикру гIелмабазул болъаби квегъизе?**

-Генераллъун вахъине анищ гьечIев солда, солдат гуро. Буго дирги гьединаб пикру.

**-ХIалтIул рахъ бичIчIана, хIалхьи кинабха бугеб, бугищ бокьулеб пиша?**

-БукIинарищха?! ЦIалула тIахьал, бокьула батIи-батIиял бакIазде щвезе, чуязда рекIун тира-сверизе, бассейналда лъедезе. ЦохIо Дагъистан гIела берцинлъиялъул рахъалъ тира-сверизе, цоги бакIалде инчIониги. АлхIамдулиллагь, Аллагьасе рецц, Гьес дие къуралъухъги кьолеб бугелъухъги.

Дица абила хIалтIудеги машгъуллъун, жалгоги кIочон рукIунел гIадамазда: балагье сверухъ, босе пайда гьелъул берцинлъиялдаса, гьабе хIухьбахъи. Свакарав хIалтIухъан жиндиегоги жамгIияталъеги пайда дагьав вукIунин абизеги бегьизе батила, хIалтIул хIасилги дагьаб букIуна.

**-Щиб абилеб гIолилазда?**

-Гьезие вагIза-насихIат гьабизе гIурай гIадан дун гуро, бугониги абила цо-кIиго рагIи: цIале тIахьал, босе лъай, цIуне рахьдал мацI: басриябги цIуне, цIиябги босе. Ургъе хадусеб гIумруялда тIад, дурго букIинеселъул пикру гьабе: жакъасеб дуниялги, метерисеб ахиратги цадахъ бачине ругьунлъе. ЦIали, гIелму, лъай-гьеле жакъасел цIалдохъабазулги метерисел студентазулги аслияб масъала. ХутIараб, ин ша Аллагь, букIина.

**-Ахирисебги суал. Дур пикруялда, кинав вугев гьев, «лъикIав тохтур»?**

-«ЛъикIав тохтур», дир хIисабалда вуго клиникияб пикру гьабиги, камилаб лъайги бугев гуребги, унтарав рагIулев ва вичIчIулев, диагнозалда нахъа божи-хьул тIагIарав пациент гурев, чIагояв, гIумруялде гьира бугев инсан вихьулев, щибаб гьабураб хIукмуялъул жавабчилъиги тIаде босулев чи.

Киназего бокьула рецц-бакъ, дунги гьездаго гьорлъ йикIинарищха. Баркала дие кьураб къиматалъухъ. Гьеб буго щибаб къойилаб захIмат: къаси макьу тараб, къад къо кIочараб, дудаго тIад гIемерав хIалтIараб, инсанасул гIумруялда хурхун тIамурабщинаб галиялъул жавабчилъиги бугеб, намус бацIцIадго унтаралги сах гьаризе хIаракат бахъулеб.

ЛъикIав тохтур ккола цIалиги гIелмуги гIумруялъ цадахъ бугев, дида лъала гьабги добгиян абичIого, щибаб клиническияб лъугьа-бахъиналда ва жиндирго махщел цIубаялда тIад хIалтIулев, щибав унтарасда гурхIулев ва сундуе гIоло жинца махщел тIаса бищарабали кIочонарев тохтур.

**-Баркала, Аминат. Гьарула дур рекIел анищал тIурай.**

-Нужееги баркала гара-чIвариялъухъ, дун ракIалде щвеялъухъ. ХIаракат бахъила дида лъураб божилъи ракIбацIцIадго тIубазе, Гиппократие гуреб, ТIадегIанав Аллагьаселъидал нилъеца гьаги жавабги кьезе бугеб.

**Хадижат Залимханова**

МацI - миллаталъул аслу

## КучIдул цIалулезул къецал

Нилъеда лъала рахьдал мацIалъ инсанасул ва жамгIияталъул гIумрудулъ кIудияб бакI ккколеблъи. Рахьдал мацIалъ рес кьола инсанасул пикру ва рекIел хIал загьир гьабизе. Амма, кигIанго бокьичIониги, жакъа рахьдал мацIал тIагIун унел руго. «ТIаде рахъа, умумул!» гуреб, «ТIаде рахъа, чIагоял!» абун ахIиги бан рахъизе ккола киналго рахьдал мацIазде халкъалъулги хIукуматалъул хIакимзабазулги пикру буссинабизе.




Нилъеца цIуничIони, нилъер мацI цIунизе къватIисан чи вачIунареблъи хIакъаб буго. МацI ккколелъул халкъалъул адабияталъулгун маданияталъул ва тарихалъул аслу. Гьелъ квербакъула миллияб хаслъи цIунизе. ГIадада гурелъул абураб МухIамад АхIмадовас «МацI кIочараб миллат молода лъола, малидул гIоркь ккезе чи хутIуларо»,-ян. Къойилаб кIвар кьезе ккела нилъеца тIоцебе рокъоб, хадуб-къватIиб рахьдал мацIалда кIалъазе. ГIурусгун ингилис ва гIараб мацIал нилъеда лъачIого хутIиларо, гьел цадахъ рачине бегьула рахьдалгун.

Бищунго аслияб жо - школазда бан течIого, эбел-инсуцаги кIвар кьезе ккола лъимал рокъорги къватIирги рахьдал мацIалда кIалъаялде.

Гьеб кинабгоги бичIчIун, рахьдал мацIалде лъималазул рокьи бижизаби мурадалда тIобитIараб букIана араб итниялъ лъайкьеялъул управлениялъ школлъималазда гьоркьоб Дагъистаналъул хъвадарухъабазул асарал рахьдал мацIалда цIалиялъул къецал. Лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамадхIабиб АхIмадовас тадбир рагьулаго бицана рахьдал мацIазул кIвараралъул, гьелъие сайгъат гьарурал адабияталъул классиказул асаразул.

Лъондода школалъул 7 классалъул цIалдохъан Салим МухIамадовас цIалана даргиязул поэт Рабадан Нуровасул «Рахьдал мацI» абураб кечI дарги мацIалда. Гьеле доб миллатазда гьоркьосеб гьудуллъи! Гьес ва Хуштадаса Загьра МухIамадовалъ бикьана лъабабилеб бакI. Къади Абакаровасул цIаралда бугеб Агъвали гимназиялъул цIалдохъан Загьра МухIамадова ккана кIиабилеб бакIалде. Гьигьалъ школалъул вакил Салима ГIабдулжабарова мустахIикълъана тIоцебесеб бакIалъе, гьей ине йиго республикаялда тIобитIизесеб къецалдеги районалъул вакил хIисабалда.

Баркула мугIалимзабаздагун къецазул гIахьалчагIазда бергьенлъаби, Салимае гьарула МахIачхъалаялдаги тIоцебесеб бакIги щун, тIад юссин.

**Хадижат Залимханова**

Терроризмалде данде

## ХIинкъигьечIолъи-жамгIияталъе рахIат

Гьал къояз Гьигьалъ росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана мугIалимзабигун цIалдохъаби ва гьезул умумул гIахьаллъараб данделъи.

Гьениб гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана гIолилазда гьоркьоб терроризмалде ва экстремизмалде дандечIеялъул профилактикияб хIалтIи гьаби, наркотикал хIалтIизариялдаса ва интернеталдасан махсароде ккеялдаса гьел цIуни.

Тадбиралда гIахьаллъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов, Гьигьалъ школалъул директор МухIамад МухIамадкеримов, жанисел ишазул районалъул отделалъул начальник Камал ГIабдулхIакъов, полициялъул участкаялъул уполномоченныяв Шагьрурамазан Махаев.

Къокъабго цеберагIудалъун данделъи рагьана школалъул МухIамад МухIамадкеримовас. Терроризмалде ва экстремизмалде дандечIеялъе районалда гьабулеб профилактикияб хIалтIул хаслъабазул бицун кIалъай гьабуна МухIамад Сиражудиновас. Жиндирго кIалъаялъулъ гьес тIадчIей гьабун бичIчIизабуна гIолилазда гьоркьоб гьабулеб профилактикияб хIалтIи цо къоялъулаб хIалтIи гуреблъи, гьеб кколин абуна гьес къойил гьабизе кколеб хIалтIи.

Терроризмалъулгун экстремизмалъул идеолгиялъ гIолилазул гIумруялъе гьабулеб зaралияб асаралъул бицун кIалъай гьабуна Камал ГIабдулхIакъовас ва Махаевас.

Гьез эбел-инсулгун мугIалимзабазул пикру буссинабуна лъималазе тарбия кьеялъулъ гьезда гьоркьоб букIинеб кколеб къойилаб бухьеналде.

**Берцинай КъурамухIамадова**

**Осторожно, пожар!**

# Пожарная безопасность в зимний период

Зима- это не только холод, снег, мороз, но и время, когда необходимо внимательнее относиться к пожарной безопасности и помнить о том, что пожар намного легче предупредить, чем его потом потушить. Требованиями пожарной безопасности установлены определенные правила при устройстве и эксплуатации электротехнических и теплогенерирующих устройств, соблюдение которых позволит максимально обезопасить себя от риска возникновения пожара.

Несмотря на то, что сегодня все больше используются системы центрального отопления, печное отопление по-прежнему остается пожароопасным. Всем жителям, дома которых отапливаются печами, следует помнить, что это не только источник тепла, но и возможность появления пожара. Неосторожное обращение с огнем, сушка дров, сгораемых материалов и нарушение других правил пожарной безопасности при эксплуатации печей также приводят к возникновению пожаров.

**При использовании печей:**

1.Не допускайте эксплуатацию печей с наличием в них трещин и разрушений.

2.Очистка дымоходов и печей от сажи должна производиться не реже одного раза в три месяца.

3.Не оставляйте без присмотра топящиеся печи и не поручайте надзор за ними малолетним детям;

4.В сильные морозы печи нередко топят длительное время, в результате чего происходит перекал отдельных их частей. Если эти части соприкасаются с деревянными стенами или мебелью, то пожар неизбежен. Поэтому рекомендуется топить печь 2-3 раза в день по 1-1,5 часа, нежели один раз длительное время.

При обнаружении пожара или признаков горения (задымление, запах гари, повышенная температура) надо незамедлительно сообщить по телефонам «101» или «112», при этом назвать адрес объекта, место возникновения пожара. Одновременно принять возможные меры к спасению людей, имущества и ликвидация пожара имеющимися первичными средствами пожаротушения, организовать встречу пожарных подразделений. При тушении пожара категорически нельзя бить в окнах стекла и открывать все двери, так как это приводит к дополнительному притоку кислорода и способствует развитию пожара. Если помещение, в котором произошел пожар, сильно задымлено, то покидать помещение необходимо как можно ниже пригнувшись к полу. При эвакуации из задымленного помещения можно использовать мокрые материи, закрывающие лицо.

Соблюдайте правила пожарной безопасности!

Берегите себя и жизнь своих близких!

**ОНД и ПР №15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | сумма 2027 | сумма 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 11,0 | 11,0 | 11,0 |
| 2 | Земельный налог | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| 3 | Налог на имущества | 5,4 | 5,4 | 5,4 |
| 4 | Сельхоз налог | 6,4 | 6,4 | 6,4 |
| 5 | Неналоговые доходы | 35,0 | 35,0 | 35,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **63,8** | **63,8** | **63,8** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1887,0 | 1224,0 | 2149,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **2144,2** | **1519,0** | **2521,6** |
| | **Всего доходов** | **2208,0** | **1582,8** | **2585,4** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Глава** | **986,4** | **986,4** | **986,4** |
| | в т.ч.зарплата | 757,6 | 757,6 | 757,6 |
| 2 | **Аппарат** | **746,0** | | **788,0** |
| | в т.ч. зарплата | 571,0 | | 605,0 |
| 6 | **ВУС** | **257,2** | **295,0** | **372,6** |
| | в т.ч. зарплата | 178,3 | 198,2 | 220,4 |
| 7 | **ЖКХ** | **38,4** | **40,4** | **174,4** |
| 9 | **Культура** | **180,0** | **261,0** | **261,0** |
| | в т.ч. зарплата | 138,0 | 204,0 | 204,0 |
| 10 | **ФК и спорт** | | | |
| | **Всего расходов** | **2208,0** | **1582,8** | **2582,4** |
| | в т.ч. зарплата | 1644,9 | 1159,8 | 1787,0 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Цумадинский» Ш. Гасанов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Тисси» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма 2026 | сумма 2027 | сумма 2028 |
|---|---|---|---|---|
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 31,4 | 31,0 | 31,4 |
| 2 | Земельный налог | 8,0 | 8,0 | 8,0 |
| 3 | Налог на имущества | 10,7 | 10,7 | 10,7 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,8 | 3,8 | 3,8 |
| 5 | НЕНАЛОГОВЫЕ ДОХОДЫ | 6,0 | 6,0 | 6,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **59,9** | **59,5** | **59,9** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2287,0 | 1409,0 | 2472,0 |
| 2 | Дотация на частичную компенс | | | |
| 3 | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **2544,2** | **1704,0** | **2844,6** |
| | **Всего доходов** | **2604,1** | **1763,5** | **2904,5** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Глава** | **986,4** | **986,4** | **986,4** |
| | в т.ч.зарплата | 757,6 | 757,6 | 757,6 |
| 2 | **Аппарат** | **1066,6** | **276,6** | **1066,6** |
| | в т.ч. зарплата | 819,4 | 212,4 | 819,4 |
| 6 | **ВУС** | **257,2** | **295,0** | **372,6** |
| | в т.ч. зарплата | 178,3 | 198,2 | 220,4 |
| 7 | **ЖКХ** | **78,9** | **33,5** | **306,5** |
| 8 | **Молодёжная политика** | | | |
| 9 | **Культура** | **215,0** | **172,4** | **172,4** |
| | в т.ч. зарплата | 165,0 | 132,4 | 132,4 |
| | **Всего расходов** | **2604,1** | **1763,9** | **2904,5** |
| | в т.ч. зарплата | 1920,3 | 1300,6 | 1929,8 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Село Тисси» Я. Мамадибиров**

## Бюджет администрации сельского поселения «Село Хушет» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2026 | 2027 | 2028 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 47,1 | 47,1 | 47,1 |
| 2 | Налог на имущества | 7,6 | 7,6 | 7,6 |
| 3 | Земельный налог | 16,0 | 16,0 | 16,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 2,6 | 2,6 | 2,6 |
| 5 | Прочие неналоговые доходы | 93,0 | 93,0 | 93,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **166,3** | **166,3** | **166,3** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 2428,0 | 1569,0 | 2753,0 |
| 2 | Субвенция ВУС | 267,2 | 307,0 | 386,6 |
| | **Итого** | **2695,2** | **1876,0** | **3139,6** |
| | **Всего доходов** | **2861,5** | **2042,3** | **3305,9** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| | **Аппарат** | **988,2** | **988,2** | **988,2** |
| | в т.ч. зарплата | 759,0 | 759,0 | 759,0 |
| 1 | **Общегосударственные вопросы** | **776,2** | **494,0** | **996,8** |
| | в т.ч. зарплата | 391,0 | 238,2 | 571,0 |
| 2 | **ВУС** | **267,2** | **307,0** | **386,6** |
| | в т.ч. зарплата | 206,8 | 208,0 | 300,0 |
| 3 | **ЖКХ** | **313,4** | **22,7** | **703,9** |
| 4 | **Культура** | **476,5** | **230,4** | **230,4** |
| | в т.ч. зарплата | 366,0 | 153,8 | 253,8 |
| 5 | **ФК и спорт** | **40,0** | **0,0** | **0,0** |
| | **Всего расходов** | **2861,5** | **2042,3** | **3305,9** |
| | в т.ч. зарплата | 1722,8 | 1359,0 | 1883,8 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Село Хушет» Г. Абдулмуслимов**

## Бюджет администрации сельского поселения «Сельсовет Гадиринский» на 2026 год и плановый период 2027-2028 г.г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | сумма | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 2026 | 2027 | 2028 |
| | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | **Собственные доходы:** | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 23,6 | 23,6 | 23,6 |
| 2 | Налог на имущества | 19,4 | 19,4 | 19,4 |
| 3 | Земельный налог | 13,0 | 13,0 | 13,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 5,1 | 5,1 | 5,1 |
| 5 | Неналоговые доходы | 35,0 | 35,0 | 35,0 |
| | **Итого собственные доходы** | **96,1** | **96,1** | **96,1** |
| | **Трансферты** | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1739,0 | 1361,0 | 2388,0 |
| 2 | Дотация на частич компен. | | | |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | | | |
| 4 | Субвен. ВУС | 257,2 | 295,0 | 372,6 |
| | **Итого** | **1996,2** | **1656,0** | **2760,6** |
| | **Всего доходов** | **2092,3** | **1752,1** | **2856,7** |
| | | | | |
| | **Расходы:** | | | |
| 1 | **Аппарат** | **1499,6** | **1141,7** | **2207,9** |
| 2 | в т.ч. зарплата | 1010,0 | 823,8 | 1616,4 |
| 3 | **Проведение выборов** | | | |
| 4 | **Резервный фонд** | | | |
| 5 | **ЖКХ** | **160,7** | **208,0** | **251,1** |
| | в т.ч. Зарплата | 140,7 | 100,0 | 100,0 |
| 6 | **КДЦ** | **174,8** | **153,6** | **153,6** |
| 7 | в т.ч. зарплата | 140,7 | 117,9 | 117,9 |
| 8 | **ВУС** | **257,2** | **248,8** | **244,1** |
| 9 | в т.ч. зарплата | 156,1 | 98,0 | 98,0 |
| 10 | **ФК и спорт** | | | |
| | **Всего расходов** | **2092,3** | **1752,1** | **2856,7** |
| | в т.ч. зарплата | 860,0 | 823,8 | 1616,4 |

**Председатель Собрания детутатов сельского поселения «Сельсовет Гадиринский» М.Гитинмагомедов**

## ГIумар НурмухIамадовасул иргадулаб бергьенлъи




Къаси сардилъ 25 январалда СШАялъул Лас-Вегасалда UFCялъул иргадулаб 324 турниралъул аслиял кьеркьеязул цоялда UFCялъул вукIарав чемпион, Бразилиялдаса Дейвезон Фигередода тIад ракIчIараб бергьенлъи босана нилъер ракьцояв ГIумар НурмухIамадовас.

Лъабабго раундалда дандиясда тIад тIокIлъи бихьизабурав ГIумарие судияз кьуна бергьенлъи. Гьеб бергьенлъиялъ ГIумарие рес кьечIо титулалъулаб кьеркьеялъе. Гьелъие гIоло гьес жеги цо кьеркьей гьабизе ккола.

Баркула ГIумарида бергьенлъи, гьарула хадубккунги спорталъулъ икъбал ва талихI.

## Постановление № 6

**от 19 января 2026г.**

**О назначении конкурсной комиссии**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти и решением Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет Эчединский» от 13.01.2026 г. № 2. **постановляю:**

1.Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Эчединский».

2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Эчединский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенной Главой муниципального района | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собрания депутатов сельского поселения |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «Сельсовет Эчединский» | 1.Исламов Раджабдибир Бадавичевич<br>2.Магомедов Ахмед Магомедрасулович | Заместитель начальника ОЭНИ и ЗО администрации МР «Цумадинский район»<br>Инспектор контрольно-счетноой палаты | 1.Саидбеков Зайнулабид Ибрагимович<br>2.Насрудинов Насрудин Хасбулаевич |

## Постановление № 7

**от 20 января 2026г.**

**О назначении конкурсной комиссии**

В соответствии с Федеральным законом от 20 марта 2025 года № 33-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в единой публичной власти и решением Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет Гадиринский» от 18.01.2026 г. №7. **постановляю:**

1. Назначить членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Гадиринский».

2. Настоящее постановление опубликовать в газете «Голос Цумады».

**Глава муниципального района Ш. Омаров**

## Список

**членов конкурсной комиссии по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «Сельсовет Гадиринский» МР «Цумадинский район»**

| № п/п | Наименование сельского поселения | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенной Главой муниципального района | Место работы, занимаемая должность | Ф.И.О. членов конкурсной комиссии, назначенных решением Собрания депутатов сельского поселения |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Сельское поселение «Сельсовет Гадиринский» | 1.Саидахмедов Магомед Мусаевич<br>2.Магомедов Казим Бадрудинович | Секретарь по делам несовершеннолетних и защите их прав администрации МР «Цумадинский район»<br>Ведущий специалист ОЭНИ и ЗО администрации МР «Цумадинский район» | 1.Газимагомедов Газимагомед Хадисмагомедович<br>2.Магомедов Асланбег Нухбегович |

**Эркенаб гугари**

## Белорусиялдаса медалалгун тIадруссана




Гьал къоязда тIоритIарал эркенаб гугариялъул рахьалъ Болгариялъул чемпионаталда 74 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна нилъер ракьцояв, Инхокьвариса Рамазан Рамазановас. Гьеб ккола Рамазанил гьениб цвараб анцIила лъабабилеб бергьенлъи.

* * *



Гьелго къояз гIолилазда гьоркьоб (U23) тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахьалъ Белорусиялъул первенствоялда 65 кг. цIайиялда тIоцебесеб бакI ккуна Кванхи росулъа МухIамадхан МухIамадовасги.

КIиявго гугарухъан кватIичIого цере рахъине руго Европаялъул чемпионаталда ва гIолилазул первенствоялда.

ХIалчIахъадал, гIолохъаби!

ЦIумадисез ракI-ракIалъ баркулеб буго нужеда ва нужер тренеразда бергьенлъаби, гьарулеб буго нужее хадубккунги спортивияб икъбал.

* * *




Гьенибго иргадулаб нухалъ тIобитIана республикаялъулаб «Мастер ковра» абураб рагьараб чемпионатги.

ТIадегIанаб гIуцIиялъулаб ва спортивияб даражаялда тIобитIараб гьеб чемпионаталда гIахьаллъана Россиялъул батIи-батIиял регионаздаса, Белорусиялъул, Монголиялъул, Азербайжаналъул, Казахстаналъул хIалбихьи бугел гугарухъаби.

Эркенаб гугариялъул рахьалъ 78 кг. цIайиялда чемпионаталъул гIарцулав призерлъун вахъана Къедиса Сапиюла Сапиюлаев.

**Шамил Бадрудинов**

## РАСПОРЯЖЕНИЕ № 7-р

**от 28 января 2026г.**

**Об объявлении конкурса на замещение вакантной должности муниципальной службы**

1. В соответствии с Положением о конкурсе на замещение вакантной должности муниципальной службы в администрации МР «Цумадинский район», утвержденного решением Собрания депутатов администрации МР «Цумадинский район» от 28.12.2023 г. № 8 объявить конкурс на замещение вакантной должности муниципальной службы:

-Ответственный секретарь по делам несовершеннолетних и защите их прав администрации МР «Цумадинский район» - 1 шт.ед;

2.Назначить проведение конкурса на замещение вакантной должности муниципальной службы администрации МР «Цумадинский район» на 6 марта 2026 года.

3.Конкурс провести в здании администрации МР «Цумадинский район» с 10 часов до 12 часов.

4.Установить, что документы, необходимые для участия в конкурсе, принимаются конкурсной комиссией с 6 февраля по 26 февраля 2026 года в здании администрации МР «Цумадинский район» с 08 часов до 17 часов, перерыв с 12 часов до 13 часов, выходные дни - суббота, воскресенье.

5.Опубликовать настоящее распоряжение в газете «Голос Цумады».

6.Контроль исполнения настоящего распоряжения возложить на отдел правовой работы и информационных технологий администрации МР «Цумадинский район».

**Глава муниципального района Ш.Омаров**

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич (87273) 2-52-44**

**Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна**

**Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697) Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 1009 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)**

**Адрес электронной почты Golostsumady@mail.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгольи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.**

**Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**